

## **Ringkesan**

### ***Identifikasi Aves dina Kawasan Gunung Putri, Taman Nasional Gunung Gede-Pangrango, Kabupaten Cianjur, Jawa Barat***

*Taman nasional nyaeta hiji kawasan palastarian alam anu ekosistemna asli nu dimangpaatkeun kanggo tujuan pendidikan sareng wisata. Dikukuhkeunna taman nasional nyaeta kanggo nurunkeun laju ngaleungitna kaanekaragaman hayati, utamana manuk anu sok dihubungkeun kana saena hiji lingkungan. Supados kaanekaragaman hayati utamana manuk tiasa diuninga, penelitian tiasa dilakukeun. Penelitian ieu tiasa dilaksanakeun salami lima dinten tina kaping 25 Mei dugi ka 3 Juni dina kawasan Gunung Putri, nyaeta dina wilayah Bobojong. Tujuan dilasanakeunna penelitian ieu nyaeta kanggo ngaunikakeun jenis-jenis manuk naon wae nu aya di lokasi kagiatan penelitian. Hasil tina penelitian ieu nyaeta ditepangkeunna 19 spesies anu asalna ti 6 ordo sareng 10 famili. Ordo Passeriformes janten ordo anu jenisna pangseerna ditepangkeun di lokasi penelitian nyaeta 14 jenis. Sementawis, famili anu jenisna pangseerna katampang nyaeta famili Timaliidae anu jumlah jenisna 5 spesies. Tina 19 spesies anu ditepangkeun, jenis Pycnonotus bimaculatus janten jenis anu gaduh status konservasi meh lebet kaancam. Penelitian ieu oge ngahasilkeun temuan 5 spesies anu digolongkeun endemik di Indonesia, nyaeta jenis Pycnonotus bimaculatus, Stachyris thoracica, Stachyris melanothorax, Tesia superciliaris, sareng Orthotomus cuculatus.*

***Kata konci:*** Identifikasi manuk, kaanekaragaman manuk